

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa kacida raketna jeung manusa lantaran jadi salah sahiji kamampuh nu dipimilik ku manusa timimiti gubrag ka alam dunya. Basa digunakeun ku manusa pikeun komunikasi (nepikeun gagasan, pikiran, rasa jeung kahayang ka manusa lian). Dina ieu hal, basa digunakeun salaku média pikeun ngaéksprésikeun amanat. Tina kedaling basa, bisa katingali kumaha sikep sarta jalan pikiran hiji jalma. Masarakat mangrupa sajumlah manusa nu kabeungkeut ku kabudayaan nu dianggap sarua (Sudaryat, 2015, kc. 15). Ari masarakat Sunda mangrupa kumpulan manusa nu hirup di sabudeureun budaya Sunda sarta ngagunakeun norma-norma jeung ajén-ajén budaya Sunda. Salila hirup, masarakat ngalaman parobahan. Ayana éta parobahan mangrupa hal nu wajar, saperti ngawengku sakumna parobahan di lembaga-lembaga kamasarakatan dina hiji wengkuan masarakat, nu mangaruhan sistem sosial sarta pola-pola laku lampah di antara kelompok masarakat. Salaku hiji sistem, masarakat kabagi tina sub-sub sistem nu silih pakait, di antarana pranata sosial, struktur sosial, sistem nilai, norma, aturan, atawa kabiasaan tina tatanan sub-sub nu leuwih heureut.

Jaman kiwari, masarakat kacida raketna kana téknologi, hususna pikeun komunikasi. Mekarna téknologi komunikasi ngébréhkeun mekarna umat manusa di unggal generasi (Nurudin, 2017). Ayana média anyar saperti *facebook*, *youtube*, *twitter*, *instagram* atawa nu biasa disebut média sosial di jaman kiwari, ngalantarankeun radio kaasup média nu langka dipaké ku masarakat. Lantaran radio mangrupa salah sahiji média masa éléktronik nu ngagunakeun sistem *audio* (sora) nu masih digunakeun ku masarakat nepi ayeuna, lantaran bisa didéngékeun dimana waé jeung iraha waé, sarta teu mikabutuh waktu jeung tempat husus (Wati & Habibah, 2017). Survéy nu dilakukeun ku lembaga survéy (Nielsen, 2016), nétélakeun yén sanajan internét kacida mekarna di jaman kiwari, teu ngalantarankeun pamiarsa radio jadi nyirorot.

Masarakat geus kurang miroséa deui kana prosés jeung lumangsungna siaran. Pikeun masarakat ukur aya hiji sikep, nyaéta “siaran kudu lumangsung kalayan

lancar tur hadé” sarta mampuh nyumponan pangabutuh jeung kahayang pamiarsa pikeun nyangking informasi jeung hiburan (Wahyudi, 2008). Sok sanajan kitu, teu saeutik ogé nu masih ngagunakeun radio salaku média pikeun nyangking informasi. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Dhamayanti (2019), yén radio masih dipikaresep ku sakumna masarakat kaasup *generasi milenial*, lantaran mikabutuh hiburan jeung informasi. Yuniati & Puspitasari (2019) miboga pamadegan yén dumasar kana waktu disetélna radio, *generasi z (generasi milenial)* mikaresep kana radio. Radio mangrupa salah sahiji média masa nu masih aya nepi ka kiwari. Ieu hal dilantarankeun ku kaonjoyan radio nu ngalingkup: (1) radio siaran boga sifat langsung, (2) teu kauger ku jarak, sarta (3) gedé pangirutna dina hal sora (Christina, 2013). Kaonjoyan radio gé ditétélakeun ku Ahmad (2015), yén radio bisa méré mangpaat nu kacida hadéna, bisa ngahontal éfisiénsi waktu, ku kituna mampuh ngahasilkeun informasi dina waktu nu singget. Radio boga kakuatan panggedéna salaku média imajinatif, lantaran salaku média nu *buta*, radio méré stimulus tina sora, sarta tarékah pikeun méré *visual* tina sora penyiar atawa informasi faktual ngaliwatan pamiarsana (Morissan, 2010).

Téknologi komunikasi kiwari mekar kacida gancangna. Saperti mekarna téknologi komunikasi dina widang penyiaran radio. Radio teu ukur didéngékeun tapi ogé bisa ngaliwatan internét kalayan siaran *online streaming*, nu bisa didéngékeun sacara langsung di internét (Nasution, 2017).

Dumasar kana pamadegan Nasution, yén radio bisa didéngékeun ngaliwatan internét kalayan siaran *online streaming*, panalungtik kairut pikeun nalungtik Garuda Radio Visual, lantaran di ieu radio lain ukur bisa didéngékeun ngaliwatan radio, tapi ogé bisa ditongton ngaliwatan aplikasi *streaming*. Dina ieu aplikasi, pamiarsa bisa ngaregepkeun bari nongton penyiar waktu keur siaran. Sanajan kitu, program nu ditalungtik dina ieu radio nyaéta program Napak Tilas, eusina ngabahas ngeunaan diajar basa Sunda, di antarana kabeungharan kecap, babasan, jeung paribasa. Salian ti éta ogé nyaritakeun ngeunaan sajarah karajaan, inohong, jeung kabudayaan Sunda nu ilaharna sok dieusian ku matéri dongéng. Basa nu digunakeun dina éta siaran nyaéta basa Sunda.

Dina unggal program siaran radio, pamiarsa jadi salah sahiji unsur lumangsungna siaran. Pamiarsa program Napak Tilas kaitung réa tibatan pamiarsa

di program nu lian. Nu jadi masalah, kahiji, ayana *visual* atawa *streaming* bakal ngalantarankeun pamiarsa kurang imajinatif waktu ngaregepkeun dongéng nu dipidangkeun ku penyiarana. Lantaran lain museur kana dongéngna, tapi kalah merhatikeun nu ngadongéngna. Kadua, basa nu digunakeun ku pamiarsa program Napak Tilas teu sagemblengna ngagunakeun basa Sunda. Upama ngirim *whatsapp* atawa *vidiocal* kana nomer Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, sok campur jeung basa Indonésia, malah aya basa Inggris nu teu kahaja kacaritakeun waktu keur paguneman. Salian ti éta, pamiarsa program Napak Tilas boga grup pikeun komunikasi ngaliwatan *whatsapp* nu ngaranna grup Gunem Catur Napak Tilas. Pon kitu deui, dina ieu grup teu sagemblengna ngagunakeun basa Sunda.

Nilik kana éta hal, pikeun mikaweruh kaayaan pamiarsa dina maké basa Sunda, perlu aya panalungtikan sangkan bisa kapanggih kumaha réson pamiarsa waktu ngabandungan program Napak Tilas. Kitu deui, patalina réson kana sikep basa pamiarsa program Napak Tilas ditilik tina sikep positip jeung negatipna nu maké basa Sunda dumasar kana aspék kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma basa.

Geus réa panalungtikan ngeunaan sikep basa, di antarana, “Sikep Da’i kana Basa Sunda (Ulikan Sociolinguistik di Pondok Pasantren Al Barokah Bandung)” (Muhammad Irham Abdul Jabbar, 2020); “Sikep Basa Sunda para Pajabat di Lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung” (Shinta Anggraeni, 2018); “Sikep Santri kana Basa Sunda : Ulikan Sociolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut” (Rizal Shidiq Muttaqin, 2018); “Hubungan Lingkungan Atikan kana sikep Basa Siswa Kelas VII SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015” (Siti Meisaroh, 2015); jeung “Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung” (Abhurizal M. Yusuf, 2012).

Sok sanajan panalungtikan ngeunaan sikep basa pernah dilakukeun, tapi ieu panalungtikan perlu diayakeun deui. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Réson jeung Sikep Basa Pamiarsa kana Program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung” masih perlu jeung penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan ambahan dina ieu panalungtikan teu lega teuing, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana réson jeung sikep basa pamiarsa kana program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung. Saluyu jeung tiori Garvin jeung Mathiot (Chaer, A. & Agustin, 2010) anu nétélakeun yén tilu ciri sikep basa nyaéta kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma basa (tata krama jeung tata basa). Jaba ti éta, sikep basa dibagi kana dua, nyaéta sikep positip jeung négatip.

Tina watesan puseur panalungtikan di luhur, masalah anu baris diungkulan bisa dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha réson pamiarsa kana program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung?
- b. Kumaha sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, nu ngawengku kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran norma basa?
- c. Kumaha patalina réson kana sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung?

1.3 Tujuan Masalah

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun réson jeung sikep basa pamiarsa kana program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal ieu di handap, nyaéta:

- a. Réson pamiarsa kana program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung.
- b. Sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, nu ngawengku kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran norma basa.

- c. Patalina réson kana sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh mangpaat tioritis ogé mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh dina widang kabasaan hususna sosiolinguistik. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi tolak ukur ogé ngeuyeuban pikeun mikanyaho kaayaan makéna basa Sunda di tatar Sunda, hususna di lingkungan pamiarsa program Napak Tilas.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu mangpaat praktis nyaéta pikeun masarakat, guru, siswa, jeung panalungtik.

- a. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan gedé gunana sangkan bisa ngagunakeun basa Sunda dumasar kana kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran norma basa.
- b. Pikeun guru, bisa jadi bahan ajar ngagunakeun basa Sunda dina prosés KBM.
- c. Pikeun siswa, bisa dipaké waktu paguneman dina kahirupan sapopoé.
- d. Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho ngeunaan: (1) Sikep basa Sunda pamiarsa program Napak tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung, nu ngawengku kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran norma basa, sarta (2) Patalina réson kana sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan disusun jadi lima bab, anu tiap-tiap bab didadarkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan: (1) kasang tukang masalah, mangrupa cukang lantaran diayakeunna panalungtikan; (2) watesan jeung rumusan masalah, nyaéta idéntifikasi masalah nu baris ditalungtik; (3) tujuan panalungtikan, jawaban

tina rumusan masalah; (4) mangpaat panalungtikan, kontribusi nu bisa dihasilkeun tina panalungtikan; sarta (5) raraga tulisan, struktur sistematika nulis tésis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan: (1) konsép atawa tiori nu aya patalina jeung panalungtikan, hususna réson jeung sikep basa; (2) panalungtikan saméméhna, mangrupa hasil-hasil panalungtikan saméméhna nu jadi pangbéda jeung panalungtikan nu baris ditalungtik; sarta (3) raraga mikir, nyaéta tiori nu dijadikeun acuan pikeun meunangkeun hasil.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan: (1) acuan pikeun ngadadarkeun hasil panalungtikan; (2) désain panalungtikan, mangrupa prosés panalungtikan; (3) sumber data, idéntitas nu dijadikeun sumber data; (4) téhnik panalungtikan; (5) téhnik ngumpulkeun data; sarta (6) téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar jeung ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan, sarta pedaran panalungtikan.

Bab V medar ngeunaan: (1) kacindekan, inti tina sakabéh hasil panalungtikan; sarta (2) saran, pikeun nepikeun kakurangan, bisa jadi hal-hal nu teu saluyu atawa kritik kana sumber data, tulisan jeung panalungtikan.